



Pou Piblikasyon Imedya: 16/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**APRE YON AKSIDAN BATO NAN LOCKPORT, GOUVÈNÈ HOCHUL PRAL  
PWOPOZE LEJISLASYON KI BAY BIWO PAK, LWAZI AK KONSÈVASYON  
ISTORIK ETA NEW YORK LA OTORITE SIVEYANS POU ANPECHE TRAJEDI  
ALAVNI**

*Lwa Eta aktyèl la pa bay otorite règlemantè eksplisit pou enspekte yon bato  
komèsyal k ap fonksyone nan yon gwòt pou touris*

*Lejislasyon pwopoze a vini apre aksidan trajik bato touris nan gwòt Lockport la,  
sa ki touye yon pasaj ak blese plizyè lòt*

Nan 12 jen, yon bato vwayaj nan gwòt komèsyal prive Lockport yo te chavire, sa ki touye yon pasaje ak blese plizyè lòt. Apre aksidan trajik bato sa a, Gouvènè Kathy Hochul pral pwopoze lejislasyon ki bay Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York otorite règlemantè sou bato touris komèsyal k ap opere nan gwòt yo pou anpeche trajedi nan lavni. Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik la kontwole bato komèsyal yo men li pa gen otorite legal pou kontwole sekirite bato k ap opere sou dlo ki pa navigab tankou nan gwòt sou pwopriyete prive. Lejislasyon Gouvènè an pral fèmen brèch sa a.

"Pandan n ap lamante pèt lavi akòz aksidan bato a nan gwòt Lockport la, administrasyon mwen an ap pwopoze lejislasyon pou anpeche trajedi alavni", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik gen zouti pou kenbe nou an sekirite epi lejislasyon sa a pral asire yo gen otorite legal pou itilize yo pou kenbe pasaje yo an sekirite sou bato ki nan gwòt yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418